



## CHÈ VWAZEN,

Avèk sezon fredri a ki toupre, li lè pou nou prepare n pou lanèj, glas, ak tanperati glase yo. Gid sa a pral ede oumenm ak fanmi w, zanmi w yo ak vwazen w yo prepare nou pou move tan k ap vini an. Kenbe kominote nou an sekirite se yon responsablite kolektif li ye. Andedan l, w ap jwenn konsèy sou fason pou kolabore avèk vwazen ou yo, pwopriyetè biznis yo, ak ajans Vil la pou kenbe lari ak twotwa nou yo an sekirite nan sezon fredri sa a.

Tanpri voye je tou sou zanmi w yo ak vwazen w yo—sitou rezidan ki afekte di ak tan fredri a, sa gen ladan granmoun aje yo, moun ki gen pwoblèm sante grav yo, ak vwazen nou yo ki san lojman.

Si ou bezwen èd oswa si ou gen nenpòt kesyon ki pa ijans, rele 311. Pou jwenn asistans pou ijans, rele 911 touswit.

Tanpri kenbe gid sa a oswa pataje li avèk yon moun ki bezwen li.

Mwen espere ou pase yon sezon ivè an sekirite ak an sante!

*Michelle Wu*



Majistra Wu  
Majistra Boston

PRSR STD  
U.S. POSTAGE  
PAID  
BOSTON, MA  
PERMIT 53434  
\*\* ECRWSS \*\*

\*\*\*\*\*ECRWSS\*\*\*\*\*  
RESIDENT CUSTOMER  
BOSTON, MA

## NIMEWO ENPÒTAN

Pou Ijans (Lapolis, Dife, EMS) rele **911**  
Pou sitiyasyon ki pa Ijans rele **311** oswa **(617) 635-4500**

Boston Water & Sewer:  
617-989-7000

Eversource:  
800-592-2000

National Grid Gas:  
800-322-3223

Verizon: 800-837-4966

Èd ABCD pou Kabiran:  
617-357-6012

DCR: 617-626-4973

MassDOT:  
857-368-6111

MBTA: 617-222-3200

**Fè rapò ba Vil la pou twotwa ki pa netwaye avèk app BOS:311.**  
Learn more at [boston.gov/311](https://boston.gov/311)

# TAN LIVÈ GID 2021-2022

## ENSKRI POU OU RETE ENFÒME

Pou jwenn nouvèl sou ijans nèt yo, entèdiksyon pakin yo, reta ak anilasyon lekòl yo, tanpri vizite:

- [boston.gov/snow](https://boston.gov/snow)
- swiv @CityofBoston sou Twitter
- enskri nan [boston.gov/alerts](https://boston.gov/alerts) pou resevwa avètisman

Ou ka rele tou nan 3-1-1 oswa 617-635-4500 pou sèvis Vil ki pa ijans.



Gid sa a disponib tou sou [boston.gov/snow](https://boston.gov/snow) nan lang annapre la yo:

Español   Panyòl	Kriolu   Kreyòl Cabo Verdean
简体中文   Senplifye Chinwa	Русский   Ris
繁體中文   Chinwa tradisyonèl	Français   Franse
Kreyòl ayisyen   Kreyòl ayisyen	Tiếng Việt   Vyetnamyen
Português   Pòtigè brezilyen	Arab   العربية

## NETWAYAJ TWOTWA

Nou mande rezidan yo ak pwopriyetè biznis yo pou yo netwaye nèj, nèj ki fonn, ak glas sou twotwa yo ak ranp pou pyeton ki nan lari yo ki bay sou pwopriyete ou. Apre yon tanpèt, ou oblije netwaye zòn sa yo:

- nan lespas (3) èdtan apre nèj la fin tonbe, oswa
- (3) èdtan apre solèy leve si nèj la tonbe pandan lannwit.

Retire glas sou asfat la oswa egalize li otank posib. Twotwa yo dwe netwaye pou kreye omwen yon chemen ki gen 42 pous lajè pou pèmèt chèz woulant ak pousèt pase.

Divizyon Aplikasyon Kòd la ap fè rezidan ak pwopriyetè biznis ki vyole règ sa yo peye amann. Yo kapab bay amann chak jou jiskaske ou korije vyolasyon an.

### Amann Kouran pou twotwa ki pa netwaye yo:

- Pwopriyete komèsyal: \$200
- Pwopriyete rezidansyèl, ki gen 16 inite oswa plis: \$100
- Pwopriyete rezidansyèl: \$50

## JESYON LARI KI GEN NÈJ

Pou ede nou kenbe lari yo vid pou netwaye nèj ak pou veyikil dijans yo, pake nan distans 20 pye omwen ak kafou yo epi pa kite yon espas plis pase yon pye ak twotwa a. Pa bloke ak veyikil ou twotwa yo, bouch ensandi yo, ranp pou pyeton nan ang ri yo, liy pou bisiklèt yo, chemen dantre kay yo, ni lari a.

Pandan yon ijans nèj, gen rabè pou pakin disponib nan sèten garaj avèk yon pèmi rezidan valab. Rabè pou pakin nan enstalasyon pakin piblik yo ak nan anpil teren minisipal kòmanse dezèdtan anvan kòmansman yon ijans nèj epi li fini dezèdtan apre. Nou pa otorize pake aswè ni pake lannwit nan pakin Lekòl Piblik Boston yo pandan evènman nèj yo.

Tcheke nan [boston.gov/snow](http://boston.gov/snow) pou konnen kikote ou pa dwe pake pandan yon ijans nèj. Nou gen enfòmasyon tou sou pakin ki bay rabè yo.

## RETE CHO AK SENNESÒ

### Lokatè yo:

Ou gen pwoblèm chofaj? Toudabò avèti mèt kay ou an. Si mèt kay la pa reponn, rele 311 pou fè yon rapò, epi Sèvis Enspeksyon ap mennen yon ankèt.

### Apatman yo dwe choje nan:

**68°** Soti: 7 a.m. rive 11 p.m.

**64°** Soti: 11 p.m. rive 7 a.m.

Ou bezwen èd pou peye chofaj? Aplike pou jwenn èd nan Pwogram Asistans Eta a pou Enèji nan Kay pou Revni Fèb (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP). Vizite [boston.gov/home-heating](http://boston.gov/home-heating) oswa rele nan 617-357-6012.


Pa janm sèvi avèk fou ou kòm chofaj. Aparèy chofaj espas yo (space heater) kapab lakòz dife, kidonk pa mete yo toupren rido ni bagay ki ka pran dife. Sonje etenn yo anvan w al kouche. Netwaye bouch tiyo echapman yo pou evite anpwazonnman monoksid kabòn, epi tcheke si detektè monoksid kabòn ak lafimen yo fonksyone.

Kontè pakin yo rete anvigè pandan ijans nèj yo.

Mete viyèt pakin rezidan ou byen vizib nan lespas 24 èdtan apre finisman yon tanpèt.

N ap ba ou tikè ak remoke ou si ou pake nan wout dijans ki endike pou ijans nèj yo pandan yon deklarasyon sityasyon dijans.

Sonje netwaye bouch ensandi yo ak dren pou dlo lapli yo.



Netwaye tout nèj nan yon pye omwen toutotou mòfle machin ou anvan ou estat machin ou.

Retire bagay ou mete pou rezève pakin yo (space saver) nan lespas 48 èdtan apre yo aboli yon ijans nèj. Tanpri konnen: yo entèdi mete bagay pou rezève pakin nan South End ak Bay Village.

## NÈJ KA RALANTI RESIKLAJ AK RANMASAJ FATRA

Pandan gwo tanpèt nèj yo, yo ka anile resiklaj ak ranmasaj fatra, men sa ra anpil. Leplisouvan, gwo tanpèt nèj yo ka lakòz reta nan sèvis, kidonk nou mande koperasyon ak pasyans ou.

Pou wè orè resiklaj ak ranmasaj fatra katye ou ak pou konnen ki atik ou KAPAB resikle ak ki atik ou PA KAPAB resikle nan Vil Boston, tanpri vizite:

- [boston.gov/trash-day](http://boston.gov/trash-day)
- telechaje app Trash Day la, oswa
- rele 3-1-1.

Ekip yo gen difikilte pou rive pran poubèl fatra ak poubèl resiklaj yo mete deyè pil nèj yo. Tanpri netwaye yon zòn bò twotwa a pou ranmasaj oswa mete poubèl yo akote oswa devan pil nèj yo.

Nou ranmase Abdenwèl pou fè konpòs soti 9 rive 20 janvyè. Pa mete yo nan sache plastik. Tanpri retire sipò ak dekorasyon nan Abdenwèl yo. Si ou gen de (2) jou resiklaj, nou ranmase Abdenwèl yo nan premye jou resiklaj la nan semèn lan. Mete pyebwa ou an bò twotwa ou avan 6 a.m.